



## Akademisyen François Max Gesner BEAUVOIR

### Prezantasyon

François Max Gesner BEAUVOIR fèt 25 out 1936 nan komin Petyonvil, depatman Lwès peyi Ayiti. Apre li te fin fè etid klasik li an Ayiti, li fè yon lisans nan Chimi nan City College of New York (CCNY).

Max Beauvoir se Konfederasyon Nasyonal Vodouyzan Ayisyen (KNVA). Jouk li mouri nan lane 2015, li te gen tit Ati nasyonal vodou, sa vle li te chèf siprèm vodouyzan yo nan peyi Ayiti.

### Piblikasyon

Max Beauvoir fè plizyè rechèch, li pibliye oubyen patisipe nan piblikasyon plizyè atik nan plizyè disiplin, nou ka site :

- *Lapriyè Ginen*, [Port-au-Prince] : Edisyon Près Nasyonal d Ayiti, 2008.
- *Le Grand Recueil Sacré*, ou, Répertoire des chansons du Vodou haïtien. [Haiti] : Koleksyon Memwa Vivan, 2008.
- *Haitian Vodou : spirit, myth, and reality*, ed. by Bellegarde-Smith, Patrick, and Caludine Michel. Bloomington: Indiana University Press, 2006.

### Angajman

Nan kad travay li fè pou defann oswa fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la, li entèveni nan domèn sa yo :

- Espirityalite
- Edikasyon
- Kilti

Se Konfederasyon Nasyonal Vodouyzan Ayisyen (KNVA) ki te pwopoze kandidati Max BEAUVOIR kòm Akademisyen.